

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina hirup kumbuh sapopoé, manusa salaku mahluk sosial tangtu silih mikabutuh jeung manusa séjén. Ku kituna, manusa tangtu ngagunakeun prosés komunikasi. Basa mangrupa salah sahiji alat atawa média dina komunikasi, basa téh aya dina wangun lisan anu dikedalkeunna ngaliwatan kagiatan nyarita sedengkeun dina wangun tulisan dikedalkeunna kagiatan nulis. Dina pangajaran basa, Tarigan (1981:1) aya opat kaparigelan basa nu perlu ditepikeun ka siswa nya éta kaparigelan nyarita, maca, nulis, jeung ngaregepkeun. Dina prak-prakanana proses diajar-ngajar ieu kaparigelan téh silih pangaruhan antara kaparigelan anu hiji jeung kaparigelan anu sejenna.

Pangajaran nulis mipiharep sangkan siswa mampuh ngebréhkeun gagasan, pamadegan, kahayang jeung pangalaman anu ditepikeun dina wangun tinulis, boh anu sipatna imajinatif atawa non imajinatif.

Nulis salah sahiji kaparigelan pikeun ningkatkeun kamampuh jeung pangaweruh siswa dina pangajaran basa Sunda. Pikeun ngahudangkeun sumanget nulis siswa tangtuna ogé kudu aya anu jadi motivator nya éta guru. Tugas guru miboga peran penting dina pangajaran basa Sunda, kudu boga inisiatif sangkan siswa resep jeung sumanget dina harti teu bosen dina diajar nulis basa Sunda. Dina nulis, utamana nulis surat bisa kaukur kamampuh siswa dina maké basa.

Ditilik tina jihat basa, surat mangrupa omongan winangun tulisan atawa karangan. Dumasar kana fungsina, surat mangrupa alat atawa sarana komunikasi. Surat mangrupa sarana pikeun nepikeun informasi anu ditulis ka pihak séjén, boh minangka wawakil diri, boh wawakil organisasi. Informasi bisa mangrupa katerangan, laporan, pamenta, gagasan, atawa pikiran anu rék ditepikeun ka pihak séjén (Warsio, 2009).

Basa anu dipaké dina nulis surat bisa mangaruhan kana kalancaran komunikasi, ogé bisa mangaruhan suasana tatali warga atawa silaturahmi di antara nu ngirim surat jeung nu dikirim surat. Ku kituna, basa nu dipaké kudu merenah, undak usuk basana bener, ungkara kalimahna kudu tartib, gampang kaharti, sangkan nu maca surat ngarti.

Kaparigelan jeung kamaهران ngagunakeun basa Sunda henteu leupas tina makéna undak usuk basa Sunda. Nurutkeun Tamsyah (1987:9), undak usuk basa Sunda nya éta panta-pantana basa, dipakéna diluyukeun jeung kaayaan umur, kalungguhan, sarta situasi nu nyarita jeung nu diajak nyarita katut nu dicaritakeunana. Undak usuk basa Sunda téh umumna diwangun ku genep tahap, nya éta basa kasar, basa sedeng, basa lemes, basa lemes pisan, basa kasar pisan, jeung basa panengah. Undak usuk basa Sunda téh boga pungsi pikeun silih ajénan, silih hormat papada manusa dina campur gaul di masarakat. Lian ti éta, kautamaan budi nu bisa katangen dina ungkara–ungkara babasan, saperti: *hadé ku omong goreng ku omong, hadé tata hadé basa*.

Hiji kanyataan yén di masarakat Sunda, basa téh salah sahiji alat pikeun tatali, silih ajénan jeung silih hormat. Ayana ragam hormat dina basa Sunda téh

nunjukkeun rasa hormat anu nyarita kanu di bawa nyarita atawa anu di caritakeunana.

Masalah anu kapanggih di lapangan ngeunaan undak usuk basa Sunda nya éta kurangna kamampuh siswa kelas X A di SMAN 3 Cimahi dina ngagunakeun Undak usuk basa Sunda nu bener. Hal ieu dibuktikeun ku hasil/peunteun parasiswa dina nyangkem undak-usuk basa can nyumponan KKM. Kitu deui dina nyaritana sapopoé, basa Sunda para siswa loba nu teu saluyu jeung Undak usuk basa Sunda anu geus aya.

Hengkerna siswa dina ngalarapkeun Undak Usuk Basa Sunda anu digunakeun dina kahirupan sapopoé, diprediksi guru can optimal ngagunakeun modél pangajaran anu efektif tur efisien. Ku kituna modél pangajaran pikeun ngalarapkeun UUBS kalintang diperlukeun pisan sangkan pembelajaran teu monoton tur hasil maksud.

Panalungtikan nu patali jeung model pangajaran geus loba dilaksanakeun, di antarana: “Modél Pangajaran *Take and Give* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis kalimah basa Sunda siswa kelas VII SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2009-2010”, ku Bayuliani. “Kamampuh ngalarapkeun Undak usuk basa Sunda dina nulis surat pribadi siswa SMP Negeri 2 Cikoneng” ku Warsio.

Ku kituna, perlu aya panalungtikan nu ngagunakeun modél *Take and Give* pikeun ningkatkeun kamampuh nulis surat pribadi ngagunakeun Undak Usuk Basa Sunda nu dijudulan “Modél *Take and Give* Dina Nulis Surat Pribadi Ngagunakeun Undak usuk Basa Sunda (Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas X A SMAN 3 Cimahi Taun Ajaran 2011/2012)”

1.2 Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan nya éta kurang mampuhna siswa dina ngagunakeun Undak Usuk Basa Sunda. Panalungtik milih nalungtik surat pribadi lantaran dina surat pribadi bisa leuwih kaukur makéna panta-panta basa.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, sangkan henteu lega teuing ambahanana panalungtikan diwatesanan pikeun nalungtik modél *Take and Give* dina nulis surat pribadi ngagunakeun undak usuk basa Sunda siswa kelas X A nu diayakeun di SMAN 3 Cimahi taun ajaran 2011/2012.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas X A SMAN 3 Cimahi ngagunakeun Undak Usuk Basa Sunda dina nulis surat pribadi saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Take and Give*?
- 2) Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh ngagunakeun Undak Usuk Basa Sunda dina nulis surat pribadi saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Take and Give*?
- 3) Naha modél *Take and Give* bisa ningkatkeun kamampuh nulis surat pribadi ngagunakeun Undak Usuk Basa Sunda siswa kelas X A SMAN 3 Cimahi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji éféktifitas modél *Take and Give* dina nulis surat pribadi ngagunakeun Undak usuk basa Sunda di SMAN 3 Cimahi.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kasangtukung jeung rumusan masalah anu geus dipedar, ku kituna ieu tujuan panalungtikan pikeun ngadeskripsikan:

- 1) kamampuh nulis surat pribadi ngagunakeun Undak usuk basa Sunda siswa kelas X A SMAN 3 Cimahi saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Take and Give*;
- 2) bédana anu signifikan antara kamampuh nulis surat pribadi ngagunakeun Undak usuk basa Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Take and Give* siswa kelas X A SMAN 3 Cimahi.
- 3) pangaruh modél *Take and Give* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis surat pribadi ngagunakeun Undak usuk basa Sunda siswa kelas X A SMAN 3 Cimahi; jeung

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa méré sumbangan pikeun sistem pendidikan dina hal nyiptakeun modél pikeun pangaweruh pangajaran basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Guru bisa nambahan pangaweruh dina milih modél pangajaran pikeun nulis surat pribadi ngagunakeun undak usuk basa Sunda sarta mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina nulis surat pribadi ngagunakeun undak usuk basa Sunda ku cara ngagunakeun modél *Take and Give*;
- 2) Siswa bisa mikanyaho mangpaat modél *Take and Give* dina nulis surat pribadi ngagunakeun undak usuk basa Sunda nepi ka minat jeung rasa sumanget siswa bisa ngaronjatkeun kamampuhna dina ngagunakeun undak usuk basa Sunda;
- 3) Pikeun nu nalungtik, bisa mikanyaho babandingan kamampuh siswa dina nulis surat pribadi ngagunakeun undak usuk basa Sunda anu ngagunakeun jeung henteu ngagunakeun modél *Take and Give*;
- 4) Hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh hususna ngeunaan mangpaat model *Take and Give* dina nulis surat pribadi pikeun ngaronjatkeun kamampuh undak usuk basa Sunda siswa kelas X SMA.

1.5 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasa tina ieu panalungtikan nya éta :

- 1) Modél *Take and Give* bisa dipaké dina pangajaran nulis surat pribadi ngagunakeun Undak usuk basa;

- 2) Ngaliwatan modél pangajaran anu variatif bisa ningkatkeun kamampuh jeung pangajaran siswa;
- 3) Dina pangajaran basa Sunda perlu ayana modél pangajaran anu variatif.

1.6 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

1.6.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuasi ékspérimén. Ieu méthode digunakeun pikeun ngajawab masalah panalungtikan nya éta héngkéna kamampuh siswa dina nulis surat pribadi ngagunakeun Undak usuk basa Sunda.

Kamampuh nulis surat pribadi ngagunakeun Undak usuk basa Sunda di ukur dua kali, nya éta saméméh jeung saenggeus sampel panalungtikan dibéré perlakuan ku cara ngagunakeun Modél *Take and Give*.

Cara ngukur kamampuh siswa nu dilakukeun saméméh dibéré perlakuan disebut tés awal (*praté*s), sedengkeun tés nu dilakukeun sanggeus dibéré perlakuan disebut tés ahir (*pascates*).

1.6.2 Téhnik Panalungtikan

Teknik anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta teknik tés. Teknik tés dina ieu panalungtikan téh tujuanana pikeun meunangkeun data boh saméméh atawa sanggeus dibéré stimulus ka siswa dina prosés diajar-ngajar nulis surat pribadi ngagunakeun Undak usuk basa Sunda.

Tahapan ngumpulkeun data dibagi dua bagian, nya éta tahap tatahar jeung tahap uji instrumén di lapangan.

Data anu diolah dina ieu panalungtikan nya éta data hasil évaluasi awal (*prates*) jeung data hasil évaluasi ahir (*pascates*) dilaksanakeun di kelas anu dijadikeun éksperimen panalungtikan.

1.7 Sumber Data

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas X A di SMAN 3 Cimahi anu jum lahna 41 siswa 19 siswa lalaki jeung 22 siswa awéwé.